

Enstalasyon sistèm kap Detekte Direksyon Move Wout Nan 15 diferan zòn nan Konti Miami-Dade

Nimewo Idantifikasyon pwojè a: 446947-3-52-01

GID FDOT

FDOT pran angajman pou li asire enfrastruktir Eta Florid la sèvi rezidan, biznis, ak vizitè pou reponn a bezwen yo genyen nan kesyon transpò kounye a epi pi devan. Men kèk nan pwen kle yo: pwoteksyon moun, rezistans, chèn apwovizyonman, teknoloji, epi devlopman mendèv. Men avantaj pwojè sa a:

KOMINOTE

- Amelyore sekirite ak mobilite pou tout rezidan e vizitè nan Konti Miami-Dade

SEKIRITE

- Enstale sistèm kap detekte moun kap kondwi nan move direksyon nan plizyè lokasyon SR 826/Palmetto Expressway, SR 9A/I-95, SR 93/I-75, SR 112/I-195/Julia Tuttle Causeway, and SR 856/William Lehman Causeway
- Enstale azfat elve ki make nan plizyè lokasyon pou amelyore vizibilite
- Diminye aksidan, blesi, ak lanmò sou sistèm nan gran wout eta Florid la

REZIYLAN

- Repayman otowout yo pou prezève ladire wout la

TEKNOLOJI

- Enstale sistèm kap detekte moun ki Kondwi nan move direksyon, l ap enkli:
 - Yon kamera ak sistèm òdinatè ki detekte machin k ap vwayaje nan move direksyon
 - Siyaj Move Direksyon ki genyen Light-Emitting Diodes (LED) pou alète chofè yo soulechan
 - Yon sistèm notifikasyon ki alèt SunGuide Transportation Management Center (TMC) pou yo enfòme otorite yo lè yo detekte yon machin kap kondwi nan move direksyon

DEVLOPMAN MENDÈV

- Pwojè sa a kreye opòtinite pou kontraktè yo, ki bay rezilta pozitif ekonomik pou travayè yo ak kominote

ENFÒMASYON SOU LIY KAP FÈMEN

Travay yo pral fèt an faz pou diminye efè konstrikasyon sou kominote a. Wout ak twota yo pral fèmen pandan lè sa yo nan jou ki pa gen evènman:

- 9 p.m. jiska 5:30 a.m. Dimanch swa a jedi swa
- 11 p.m. jiska 7 a.m. Vandredi a samdi swa

Aksè a biznis ak rezidans yo ap rete disponib. Enfòmasyon sou liy kap fèmen ap afiche chak semèn sou sit entènèt depatman an, www.southflroads.com.



MEN SA NOU DWE ATANN

Y ap fè travay yo etap pa etap pou travay yo pa twò deranje moun nan zòn nan. Liy trafik y ap fèmen tanporèman yo kab gen efè sou sikilasyon an nan lè ki pa gen anpil trafik e jou ki pa gen evènman. Y ap afiche byen klè tout lòt wout pou machin pase. Y ap kite wout pou moun antre soti nan pwopriete ki sou bò kote y ap fè travay yo.

ORÈ

Avril 2025 - Kòmansman 2027

PRI KONSTRIKSYON AN

\$4.9 million

KOTE YO PRAL FÈ PWOJÈ A

Konti Miami-Dade

Avi: Sa posib yo kab chanje dat yo.

TOUJOU KONSIDERE SEKIRITE

MOUN AN PREMYE

Pou sekirite w ak sekirite lòt moun, tanpri pran prekosyon lè w ap kondwi machin, lè w ap mache oswa lè w ap pase sou bekan nan zòn konstrikasyon yo. Pou nouvell sou sikilasyon, al sou: www.fl511.com.

KONTAK

FDOT Consultant Community Outreach Specialist
Aliyah Gomez | Aliyah.Gomez@dot.state.fl.us | 786-774-9714

FOLLOW US   MyFDOT_Miami   MyFDOTMiami

SOUTHFLROADS.COM

Eskane Kòd QR sa a pou dènye nouvell sou pwojè a.

